Bhaibheri re vana

Rikukupai

Makore
makumi
nemana



Rakanyorwa ndiani: Edward Hughes

Rakafanidzirwa ne: Janie Forest

Rakatorwa na: Lyn Doerksen

Rwakashandurwa na: Tendai Mugova

Rakabudiswa na: Bible for Children
www.M1914.org

©2015 Bible for Children, Inc.
Mitero: Une mvumo yekutora nyaya iyi kana usinganotengesi chete.



Mushure mokunge Mwari aburitsa vana veIsiraeri munyika yeIjipita, Mozisi akabatsira vanhu kuti varumbidze Mwari. Akaimba achiti, "Mbiri kuna Mwari." Akaimba achitenda Mwari nezvishamiso zvose zvaakanga aiita.

HALLELUJAH!
MBIRI KUNA MWARI!



Mazuva matatu akapfura vari murenje. Vanhu vakasvika patsime remvura. Asi Havana kukwanisa kumwa mvura iyi nokuti yakanga ichivava.

Panzvimbo yokunamata,
vanhu vakatanga kunyunyuta.
Mwari akavanzwira tsitsi
achibva aita kuti vakwanise
kumwa mvura iyi.



Zvichida,
vanhu ava
vakanyunyuta zvakare
vachiti, "KuIjipita kwakanga kuine
zvokudya. Asi murenje muno tichafa nenzara."
Manheru iwayo, Mwari akatumira shiri dzinonzi
huta. Vanhu vakakwanisa kubata shiri idzi.

Mangwanani akatevera,
Mwari akavatumira
chingwa chainzi mana.
Nenzira iyi, Mwari akapa
vanhu vake zvokudya.
Mangwanani
ega ega, chingwa
ichi chakanga
chakazadza
pasi rose.

Vanhu vakanga vachetenda kuti Mwari achavapa chingwa ichi mangwanani ega ega. Mwari akavarayira kuti chingwa ichi chinowora, asi vamwe vanhu vakatora chingwa chakawandisa.



Zvichidaro, chingwa chezuva rakapfura chavakanga vakachengeta chakawora-asi kwete musi we Sabata. Zuva rechinomwe rakanga rakakosha. Naizvozvo, vanhu vakazorora.



Mwari akachengeta
vana veIsirareri
pavakanga vari murenje.
Akavapa zvokudya,
mvura yokunwa
akavadzivirira
kubva
kuvavengi
vavo.

Zvino
maAmareki
vakarwa navo asi
vana veIsiraeri
vakakunda hondo dzavo
dzose nokuti Mozisi
akanga akabata tsvimbo
yaMwari.

Mwari akataura kuvana veIsiraeri akati, “Mukateerera inzwi rangu, muchava vana vangu vakakosha.” Vanhu vakadavira kuna Mozisi vachiti, “Zvose zvinotaurwa naMwari tichaita.” Vakasvika pagomo reSinai vakabva vamirira Mozisi akanga aenda kunosangana naMwari.

Mozisi akanga
ari mugomo
naMwari
kwemazuva
makumi
mana.

Mwari akanyora mirayiro ine gumi pamatombo achibva apa Mozisi kuti aende kunotaridza vanhu kuti akanga achida kuti vararame nenzira yakaita sei.

1. “Usanamata vamwe vamwari kunze kwangu.”

2. “Usagadzira mifananidzo kana kunamata mifananidzo.”

3. “Usareva zita raMwari pasina.”

4. “Yeuka zuva reSabata uye uri remekedze.”

5. “Kudza baba namai vako.”


6. “Usauraya.”
7. “Usaita upombwe.”
8. “Usaba.”
9. “Usanyepa.”
10. “Usachiva chisiri chako.”



Vana veIsiraeri vakaita zvakaipa Mozisi paakanga ari mugomo naMwari. Vakatuma Aroni kuti agadzire mhuru yendarama, yokuti vanamate. Mwari naMozisi vakatsamwa nazvo.

Mozisi akaona vanhu vachitamba pamberi pemhuru yavakanga vagadzira, achibva adonhedza matombo emirayiro aakanga akabata. Mozisi akava nehasha, achibva aparadza mhuru yavakanga vagadzira. Akauraya varume vakanga vakaipa vainamata mhuru iyi.

Mwari vakavapa
mamwe matombo emirayiro.
Akarayira Mozisi kuti avake
imba yokunamata ine fenzi.
Vanhu vakanga vachanamata
Mwari muimba iyi. Mwari
akavatungamira neshongwe
yegore uye neshongwe
yomoto, zvichitaridza
kuti akanga
achifamba
navo.

Vachinge vava kusvika kuKenani, Mozisi akatuma varume gumi navaviri kuti vaende kundotarisa nyika yavakanga vachipiwa naMwari. Varume vose vakaenda vakatenderana kuti yakanga iri nyika yakanaka kwazvo!



Asi varume vaviri, Joshua naKarebhu vakatenda kuti nerubatsiro rwaMwari vaikwanisa kuzotonga munyika iyi.

Vamwe varume gumi vakatya vanhu vakanga vaine simba vachigara munyika iyi. Vakatya maguta akanga akakombwa nemasvingo makuru. Vakanyunyuta vachiti, “Hatikwanise kuitora nyika iyi.” Vakanga vakanganwa mabasa makuru akanga aitwa naMwari achivabudisa munyika yeIjipita.



Vanhu vakateerera zvakanga zvataurwa nevarume gumi vakanga vasina kutenda. Vakachema vachigadzirira kudzokera kunyika yeIjipita.
Vakaedza kuuraya
Mozisi.



Asi Mwari akaponesa Mozisi. Akataura kuvanhu veIsirareri achiti, "Muchatenderera murenje kwemakore makumi nemana. Vana venyu, Karebhu naJoshua ndivo voga vachipinda munyika yamashora."



Makore makumi nemana

Nyaya yeshoko raMwari, Bhaiberi

Inowanikwa mu

Ekisodho 15 kusvika Numeri 14

“Mazwi enyu anotipa kuchena.”
Mapisarema 119:130

Magumo

Nyaya dze mu Bhaibheri dzinotiwudza zvekushamisa kwaMwari
Musiki wedu uyo anoda kuti umuzive.

Mwari anoziva kuti tese takaita zvakaipa, izvo zvaanoti zvitema.
Mubairo wechitema ndirwo rufu, asi Mwari anokuda kwazvo,
akatuma mwana wake, Jesu, kukufira pamuchinjikwa uye
akatambudziwa nemhaka yako. Jesu akafa akumuka, akadzokera
kumusha kudenga! Kana uchitenda muna Jesu uye ukakumbira
kuregererwa anokuregerera zvitema zvako, Anokuregerera!
Achauya kuzogara mumoyo mako. Achagara mauri. newe ugogara
maari mazuva namazuva.

Kana uchitenda kuti ichi ichokwadi, taura kuna Mwari uchiti
Mudiwa Jesu, ndinotenda kuti ndimi Mwari, uye makauya semunhu
panyika kuzofira zvitema zvangu, uye murikurarama. Huyai mumoyo
mangu mundiregere zvitema zvangu, kuti ndive heupenyu hutsva, uye
nerimwe zuva ndigogara nemi nekusingaperi. Ndibatsirei kuti
ndikuteererereyi, ndirarame semwana wenyu. Ameni.

Verengayi Bhaibheri nekutaura ne Mwari mazuva ese. Johane 3:16